# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–28 नवम्बर 2024** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु चित्रकूट जिला क दौरा पर रहलें। येह बिच्चे कलेक्ट्रेट सभागार में समीक्षा बइठकी कइके उहां के जिला में निर्माणाधीन विकास परियोजनन के प्रगति क जनकारी लिहलीं। मुख्यमंत्री कहलें कि सज्जों परियोजना समयबद्ध तरीका से पूरा होखे के चाही अउर येहमन कउनहू तरह क ढिलवाही बर्दास्त नाही कइल जाई। मुख्यमंत्री रामपथ गमन, टाईगर रिजर्व, स्काई ब्रिज अउर टेबल टॉप एयर पोर्ट के कार्यन क विशेष रूप से जनकारी लिहलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि सरकार चित्रकूट का भौतिक अउर आध्यात्मिक विकास बदे प्रतिबद्ध हौ। समीक्षा बइठकी के बाद मुख्यमंत्री मंदाकिनी नदी के रामघाट पर पहुंचले अउर माई मंदाकिनी क आरती में सामिल भइलें। एकरे पहिले मुख्यमंत्री बांदा जिला में मेडिकल कॉलेज गेट पर विरांगना रानी दुर्गावती के मूरति क अनावरण कइलें।

**********

संसद के दून्नो सदन क कार्रवाई बिहने ले स्थगित कै दिहल गइल हौ। आजु सबेरे जब लोकसभा क कारवाई सुरू भइल त कांग्रेस, समाजवादी पार्टी , डीएमके आ अउरियों विपक्षी दल एगो प्रमुख व्यापारिक समूह के खिलाफ कथित रिस्वतखोरी के आरोपन के साथे कई मुद्दन पर हंगामा कइलें। लोकसभा क कारवाई पहिले स्थगन के बाद दुपहरिया बारह बजे सुरू भइल, तब विपक्षी सदस्य नारेबाजी करत सदन के बीचोबीच आ गइले। येह पर लोकसभा अध्यक्ष सदन क कारवाई दिन्नभर खातिर स्थगित कै दिहले। ओहर राज्यसभा में विपक्षी सदस्यन क नारेबाजी के बिच्चे सभापति जगदीप धनखड़ सदन क कारवाई के स्थगित कै दिहलें।

**********

अजोध्या में पांच दिसंबर से प्रस्तावित रामायण मेला के दूसरा पोस्टर क अनावरण आजु लखनऊ में पर्यटन मंत्री जयवीर सिंह कइलें। येह बिच्चे पर्यटन मंत्री कहलें कि रामायण मेला मे प्रदेस क कलाकारन के वरीयता दिहल जाई। रामायण मेला पोस्टर अनावरण के मौका पर मेला समीति क संरक्षक जगदगुरू राम दिनेषाचार्य अउर संयोजक आशीष कुमार मिश्रो मौजूद रहलें।

**********

मुख्यमंत्री सामूहिक विवाह योजना में आजु मिर्जापुर जिला क महुअरिया में राजकीय इण्टर कॉलेज के मैदान में दुइ सौ बहत्तर जोड़न क बियाह संपन्न भइल। येह मौका पर कई जनप्रतिनिधि अउर अधिकारी मौजूद रहलें।

**********

उत्तर प्रदेस सौर ऊर्जा नीति दुइ हजार बाईस में केन्द्र सरकार क प्रधानमंत्री कुसुम योजना की ओरि से किसानन के तीनि हॉर्स पावर से लेके दस हॉर्स पावन क्षमता ले क सोलर पम्प पर अनुदान क लाभ दिहल जा रहल हो। येहमन अनुसूचित जनजाति, वनटांगिया अउर मुसहर जाति क किसानन के सौ फीसदी ले अनुदान दिहल जा रहल हौ। किसान पनरह दिसंबर ले यूपीनेडा क बेवसाइट पर आवेदन कई के योजना क फायदा ले सके लें।

**********

गोरखपुर औद्योगिक विकास प्राधिकरण–गीडा क पैंतीसवां स्थापना दिवस समारोह तीस नवंबर के मनावल जाई। येह मौका पर मुख्य अतिथि क रूप में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ मौजूद रहिहें। स्थापना दिवस समारोह पर मुख्यमंत्री करीब दुइ सौ करोड़ रूपिया के विकास कारयन क लोकार्पण अउर सिलान्यास कइलें के सथहीं निवेसकन के औद्योगिक जमीनि के आवंटन क प्रमाण प्त्र सउंपिहें।

**********

गोरखपुर के चम्पा देवी पार्क मैदान में तीस नवम्बर से ले के चउदह दिसम्बर ले उत्तर प्रदेस खादी अउर ग्रामोद्योग बोर्ड की ओरि से मंडल स्तरीय प्रदर्सनी लगावल जाई। बोर्ड क परिक्षेत्रीय अधिकारी ए.के. पाल बतवलें कि प्रदर्सनी में एक सौ दस स्टॉल लगिहें। यह पर देस के कई राज्यन क खादी ग्रामोद्योग अउर ओडीओपी उत्पादन क परदरसन होई। प्रदर्सनी क उद्घाटन सांसद रवि किशन शुक्ल करिहें।

**********

लखनऊ में चलि रहल सैयद मोदी इंडिया इंटरनेशनल बैडमिंटन चैंपियनशिप क महिला एकल में स्टार खेलाड़ी अउर सीर्स वरीयता प्राप्त पी वी सिंधु हमवतन इरा शर्मा के हरा के महिला सिंगल्स के क्वार्टर फाइनल में जगहि बना लिहले हइनि। सिंधु इरा के एगो कड़ेर मोकाबिला में 21–10, 12–21, 21–15 से हरवलिनि जबकि गैर वरीयता प्राप्त भारत क उन्नति हुड्डा थाईलैण्ड क पोर्नपिचा चोइइकेवांग के 21–18, 22–20 से हरा के उलटफेर के साथे अगिला दौर में जगहि बनवलिनि। अउरियो मोकाबिला में अमेरिका क इशिका जायसवाल म्यांमार क थेट हटर थजार के, चीन क डी वांग भारत क देविका सिहाग के अउर भारत क श्रीयांशी हमवतन मालविका के हरवलिनि। ओहीं, पुरूस एकल में भारत क लक्ष्य सेन इजराइल क खेलाड़ी डेनिल डूबोवेनको के हरवलें। एगो अउरियो एकल मोकाबिला में भारत क आयुष शेट्टी मलेशिया क जस्टिन के मात दे के अगिला दौर में प्रवेस कइलें।

**********

मौसम विज्ञान विभाग अगिला दुइ दिन ले ढेर राति अउर सबेरे के समय राज्य क कई हिस्सन में घना कुहेसा क चेतावनी जारी कइले हौ। आगम हौ कि येह समय में मौसम सुस्क रही। कई गो जिलन में अधिकतम अउर न्यूनतम तापमान में गिरावट के नाते ठंडी महसूस कइल जा रहलि हौ।

**********